



ETIKA (DAE 569)

BAHAN AJAR

Oleh
Dr. Hj. Nunuy Nurjanah, M.Pd.
NIP 131932641

JURUSAN PENDIDIKAN BAHASA DAERAH
FAKULTAS PENDIDIKAN BAHASA DAN SENI
UNIVERSITAS PENDIDIKAN INDONESIA
BANDUNG
2006

I. BUBUKA

Satemenna manusa ditungtut pikeun ngabdi ka Allah SWT anu Mahabijak dina sagala aturan-Na tur dumasar kana sunnah Rosul-Na dina unggal aspek kahirupan.

Kitu deui pikeun saurang muslim. Muslim anu geus bener-bener komitmen ngaku dirina muslim—sanggeus dirina ngucapkeun dua kalimah sahadat—tinangtu inyana wajib yakin kana naon-naon anu diajarkeun ku Al-Quran anu mangrupa padoman hirup anu haq jeung bener, boh ngatur hal anu patalina jeung aqidah boh ngatur hal anu patalina jeung sari'ah. Dina Al-Quran diatur kumaha petunjuk pelaksanaan saurang muslim ka Allah, ka sasama manusa, jeung ka alam semesta. Ieu kayakinan teh kudu tembres dina praktek kahirupanana sapopoe.

Kongkritna nya eta saurang muslim anu hade bakal nembrak tina praktek ibadahna, praktek bisnisna, kahirupan kulawargana, sikep sapopoena, jste. Hal ieu luyu jeung dawuhan Allah, ...*Udkhulu fissilmi kaffah*...= ... Asup Islam anjeun teh sing sagemblengna....

Allah ngadawuh,” Satemenna Anjeun Muhammad geus miboga akhlak anu agung”. Euweuh saurang jalma oge anu leuwih taqwa tur leuwih sampurna akhlakna tibatan akhlak Rosululloh SAW.

Dina QS Al-Baqarah:151 Allah ngadawuh, “Saperti Kami geus ngutus ka maraneh, anu ngabacakeun ayat-ayat Kami ka maraneh, jeung ngabersihkeun maraneh, jeung ngawulangkeun ieu kitab (Quran) katut hikmahna ka maraneh, sarta ngawulangkeun ka maraneh saneskara anu tacan dipikanyaho ku maraneh”.

Tina ayat tadi jentre, yen aya tilu cara atikan akhlak anu dilaksanakeun ku Rosulullah, nya eta (1) maca, (2) nyucikeun hate, jeung (3) ngajarkeun padoman hirup. Ku cara ieu pisan Rosululloh geu bisa ngarobah nu tadina umat jahiliyah jadi umat panghadena; nu tadina umat anu bodo jadi umat anu boga pangaweruh; anu tadina umat anu hina jadi umat anu mulya; anu tadina umat anu hengker jadi

umat anu kuat; sarta anu tadina umat anu papisah jadi umat anu ngahiji.

Naon atuh ari akhlak? Akhlak nya eta ilmu anu ngawatesanan mana anu hade mana anu goreng; mana anu sopan mana anu teu sopan tina pagawean jelema, boh lahir boh batin anu geus jadi kabiasaan nurutkeun aturan Al-Islam.

Satuluyna, dina ieu tulisan baris dipedar etika Islam. Tapi, samemehna dipedar heula hal ihwal etika.

A. Harti Etika

Naon atuh ari etika?

Kecap etika geus ngabeungharan kandaga kecap basa Sunda. Ieu kecap serepan teh mindeng dipake dina paguneman sapopoe. Upamana dina ungkara kieu, "Pejabat kiwari geus loba nu teu boga etika". Atawa, "Etika budak sakola kiwari kacida nguciwakeunana". Ieu pamanggih teh datangna ti para pakar atikan, nepi ka aya wacana pikeun ngajarkeun deui Mata Pelajaran Budi Pekerti anu dina enas-enasna mah eta pelajaran sarua jeung pelajaran Etika. Para pakar atikan boga kacindekan yen barudak sakola geus pindah tampian; geus niron-niron budaya sejen. Manehna nganggap yen sakabeh nu jolna ti batur teh alus tur gaul. Ari budaya manehna geus dianggap kampungan atawa teu gaul. Manehna geus kaleungitan jati dirina.

Kecap 'etika' mangrupa kecap serepan tina basa Yunani Kuno 'ethos' (dina wangun tunggal) anu hartina 'padumukan, tegalan jukut, kabiasaan, adat, ahlak, watek, perasaan, sikep, jeung cara mikir'; sedengkeun dina wangun plural kecap 'etika' dicokot tina 'ta-etha' anu hartina 'adat kabiasaan'. Jadi, sacara etimologis bisa dicindekkeun yen etika ngandung harti ilmu ngeunaan hal-hal nu bisa dilakukeun atawa ilmu ngeunaan adat kabiasaan.

Sinonim etika nya eta 'moral'. Kecap 'moral' asalna tina basa Latin 'mos' nu boga harti 'kabiasaan', 'adat'.

Nurutkeun Purwadarminta, kecap etika dihartikeun ilmu pangaweruh ngeunaan asas-asas akhlak (moral); sedengkeun nurutkeun Depdikbud, kecap etika boga tilu harti.

1. Ilmu ngeunaan hal-hal anu alus jeung nu goreng, hak katut kawajiban.
2. Kumpulan asas atawa ajen-inajen akhlak anu disebut kode etik.
3. Ajén-inajén ngeunaan hal-hal anu bener atawa nu salah nu diagem ku hiji golongan masarakat.

B. Patalina Etika jeung Etiket

Aya dua kecap nu sok dipacorokkeun nya eta etika jeung etiket. Upama dipaluruh nurutkeun harti kamus, jentre yen eta dua kecap boga harti anu beda. Etika dihartikeun 'moral'; sedengkeun etiket hartina 'sopan santun'. Ari nu ngabedakeunana nya eta kieu.

1. Etiket patalina jeung cara migawe hiji pagaweananu loyog jeung nu dipiharep ku sakabéh atawa sabagian jalma dina hiji komunitas manusa. Contona, lamun masrahkeun hiji barang ku leungeun katuhu kaasup eta jalma teh boga etiket. Sabalikna, eta jalma disebut ngalanggar etiket lamun waktu masrahkeun eta barang ku leungeun kenca.
2. Etiket ayana dina hirup kumbuh sapopoe. Lamun euweuh jalma nu nyaksian hiji pagawean mangka etiket teu lumaku. Contona, cara dahar dianggap teu sopan lamun bari ceplak atawa nepi ka teurab. Tapi, lamun teu kanyahoan ku batur mah teu dianggap teu sopan. Beda jeung etika, lamun teu kanyahoan ku jalma sejen oge etika tetep kudu dipake.
3. Etiket mah relatip--gumantung kana budaya jeung kabisaan sewang-sewangan; sedengkeun etika mah sifatna absolut.

4. Etiket mandang jalma tina unsur lahiriahna wungkul; sedengkeun etika mandang jelema teh leuwih nyosok jero.

C. Kahanan Etika dina Widang Ilmu Pangaweruh

- a. Etika marupa cabang filsafat
Etika boga pancen dina kahirupan sapopoe. Lain bae mangsa kiwari, malah ti bihari, ilmu-ilmu saperti antropologi jeung sejarah geus ngabejaan yen dina unggal zaman jeung seler bangsa kapanggih ayana kasadaran kana hal-hal anu alus jeung anu goreng. Etika mangrupa ciri has jalma. Ngan jalma anu boga kasadaran kana etika.
- b. Etika mangrupa ilmu ngeunaan moral
Etika mangrupa ilmu anu nalungtik tingkah laku moral. Aya dua pamarekan ilmiah anu bisa digunakeun dina nalungtik tingkah laku moral.
- 1) Etika Deskriptif, nu ngebrehkeun tingkah laku jalma dina harti anu lega' ilmu nu maluruh ngeunaan moralitas nu nyampak dina indivedu-individu, kabudayaan-kabudayaan atawa struktur hiji bangsa dina hiji periode sajarah.
 - 2) Etika Normatif, miboga tujuan ngarumuskeun prinsip-prinsip etis nu bisa dipertanggungjawabkeun sacara rasional tur bisa digunakeun dina hirup kumbuh sapopoe.
- c. Metaetika, salah sahiji cabang ilmu pangaweruh ngeunaan etika anu maluruh logika husus anu patalina jeung kekecapan anu ngandung unsure-unsur etis.

D. Tumulina Etika jeung Tatakrama

Tatakrama (etiket) teh raket patalina jeung etika. Tatakrama hiji jelema atawa hiji bangsa kacida dipangaruhan ku etika anu dianutna. Dina gurat badagna, etika nu mangrauhan tatakrama (etiket) teh nya eta (1) etika teologis, (2) etika filosofis, jeung (3) etika sosial.

1. Etika Teologis (Religi)

Dina etika teologis, nu jadi ukuran 'salah' jeung 'bener' atawa 'hade' jeung 'goreng' teh nya eta aturan (norma) agama atawa kapercayaan anu dianutna. Dasarna teh moral religius. Tina kituna, aya sawatara etika teologis.

- 1) Etika Hindu
- 2) Etika Budha
- 3) Etika Kong Fu Tse
- 4) Etika Kristen (nasrani)
- 5) Etika Islam

2. Etika Filosofis

Nu jadi ukuran 'hade-goreng' atawa 'bener-salah' teh nya eta nurutkeun filsafat nu dianutna. Sifatna kacida pribadina (individual). Ari filsafat sumberna teh hasil gawena 'akal jeung budi' manusa. Jadi, filsafat mah dasarna teh teori-teori ilmu pangaweruh beunang mikir manusa, lain dumasar kana agama.

Sawatara aliran filsafat anu engkena ngagelarkeun etika-etika dina widangna.

- 1) Filsafat humanismeu
- 2) Filsafat naturalismeu
- 3) Filsafat hedonismeu
- 4) Filsafat utilitarismeu
- 5) Filsafat idealisme
- 6) Filsafat vitalismeu

3. Etika Sosial

Etika social kacida raketna jeung ilmu kamasarakatan (sosiologi), nu nerangkeun proses kamekaran masarakat, ti mimiti nu jadi tanaga pangdorongna tepi ka tujuan hitup masarakat. Kitu deui medar hal naon bae anu jadi hahalang kana kamajuan masarakat.

Aya rupa-rupa etika sosial.

- 1) Etika kulawarga
- 2) Etika kelompok
- 3) Etika etnik
- 4) Etika nasional
- 5) Etika internasional

II. ETIKA DAHAR

Dahar teh mangrupa kabutuhan poko manusa. Salaku nu nyiptakeunana, Allah tos nyadiakeun rupa-rupa kadaharan anu kacida rongkahna pikeun manusa, boh dahareun tina tutuwuhan (nabati) boh dahareun tina sasatoan (hewani); boh dahareun nu aya darat atawa nu aya di laut.

Lain ti eta, Allah tos ngatur rupaning eta kadaharan pikeun manusa. Alloh geus ngatur naon wae dahareun anu halal jeung nu haram. Allah geus ngatur kumaha etika dahar, jsté. Dina Al-Quran kurang leuwih aya 26 ayat nu ngatur etika dahar. Beda jeung ayat anu patali jeung sholat anu ngan kurang leuwih 16 ayat Al-Quran. Hal ieu lain hartina jalma kudu loba dahar tibatan shalat. Ayat anu nerangkeun dahar geuning lain marentah dahar wungkul, tapi salilana ditambahan ku parentah sejen, saperti „Pek geura dahar jeung geura syukuran!”, atawa, „Pek geura dahar jeung ulah kaleuleuwihi/ngaliwatan wates wangen!” Tina kituna, Allah geus marentah manusa kudu apik tur boga etika dina dahar; lain ngan ngeusian beuteung wungkul.

Naon wae etika dahar teh?

1. Dahareun teh mangrupa anugrah ti Allah. Tina kituna, manusa kudu syukuran ka Manten-Na. dawuhan Allah SWT,” Yeuh, jalma-jalma anu ariman, pek geura dalahar ku maraneh saniskara rejeki anu harade anu geus dikurniakeun ku Kami ka maraneh, jeung maraneh geura muji syukur ka Allah, upama enya mah maraneh ngan ibadah ka Anjeunna” (QS Al-Baqarah:172).
2. Dahareun anu diharamkeun ngan opat rupa. ”Nu diharamkeun ku Anjeunna ka maraneh teh ngan wungkul bangke, getih (anu ngocor tina beuheung nalika dipeuncit), daging babi, jeung sakur anu dipeuncitna lain karena Allah. Tapi sing saha anu kapaksa sarta lain ngahaja, jeung lain rek ngaliwatan wates wangen, eta mah teu jadi dosa pikeun maranehna, karena saestuna Allah teh Mahajembar pangampura-Na, Mahaasih”(QS Al-Baqarah:173).
3. Dahareun teh kudu nu halal jeung hade. Dawuhan Allah, “Jeung pek geura dalahar ku maraneh tina saniskara rejeki anu dipaparinkeun ku Allah ka maraneh, anu halal sarta hade, jeung maraneh masing takwa ka Allah anu ka Anjeunna maraneh ariman” QS AMaidah: 88).
4. Ulah ngadahar dahareun hasil usaha anu batal. Pidawuh Allah, “Yeuh, jalma-jalma anu ariman! Maraneh ulah ngadahar harta-banda di antara maraneh kalawan cara anu batal, kajaba ku jalan dagang kalawan silihpikeurido antara maraneh,

sarta maraneh ulah maehan maneh. Saestuna Allah Mahaasih ka maraneh” (QS An-Nisa:29).

5. Ulah wani-wani ngaharamkeun dahareun anu dihalalkeun ku Allah. Allah ngadawuh, “Yeuh, jalma-jalma anu airman! Poma maraneh ulah ngaharamkeun saniskara anu harade anu geus dihalalkeun ku Allah keur maraneh, sarta ulah ngaliwatas wates wangen. Saenyana Allah teh henteu mikaresep jalma-jalma anu ngaliwatan wates-wangen” (QS Al-Maidah :87).
6. Lamun dahar kudu dimimitian ku maca *basmalah*. Ti ‘Aisyah r.a. sayaktosna Rosulullah SAW ngadawuh, “Lamun salahsaurang ti antara aranjeun rek dahar, maka kudu nyebut asma Allah (*Basmalah*) mimitina. Lamun anjeun poho nyebut asma Allah waktu ngamimitian dahar, maka baca, ‘*Bismilaahi awwalhu wa akhirahu*’ Kalayan nyebut asma Allah mimiti jeung ahirna (HR Abu Daud).
7. Setan resepeun ka jalma anu asup ka imah tanpa salam jeung resepeun ka jalma anu dahar tanpa maca basmallah. Ti Jabir bin Abdillah r.a., sayaktosna anjeunna tos ngadangu Nabi SAW ngadawuh, “ Lamun hiji jalma asup ka imahna nyebut asma Allah jeung lamun rek dahar oge nyebut asma Allah, maka setan nyarita ka baladna, “ Euweuh tempat pikeun sare jeung euweuh tempat pikeun dahar”. Jeung lamun nu asup ka imah tanpa nyebut asma Allah, setan nyarita, “Kuring boga tempat sare”. Jeung lamun dahar tanpa basmallah setan nyarita,”Kuring bisa dahar” H.R. Muslim.

8. Do'a lamun dahareun geus disadiakeun. Ti Abu Umamah r.a., sayaktosna Nabi SAW lamun Anjeunna mukakeun tutup dahareun tina rupaning kadahareun anu geus disadiakeun, Anjeunna maca, '*Al-hamdulillaahi katsiiran mubaarakan fiihi ghaira makfiyyin walaa muwadda'in walaa mustaghnan 'anhu rabbanaa*'. "Sadaya puji kagungan Allah, saseueur-seueurna puji, sasae-saena puji, puji anu pinuh ku barakah sareng henteu meryogikeun pamere jeung titipan, sarta henteu merlukeun naon-naon, wahai Rab kami" (HR Bukhari).
9. Do'a sanggeus dahar. Ti Abi Sa'id al-KHudriy r.a., satemeen Rosulullah SAW upami Anjeunna rengse tuang, Anjeunna ngado'a, "Alhamdu lillaahi alladzii ath'amana wasaqaanaa waja'alanaa muslimiina". "Sadaya puji kagungan Allah anu tos maparin tuangeun ka abdi, tos masihan leueuteun, sareng tos ngajadikeun abdi sadaya muslim" (HR Abu Daud).
10. Dahar ngagunakeun leungeun katuhu. Ti Ibnu Umar r.a., sayaktosna Rosulullah SAW ngadawuh, "Lamun salahsaurang ti antara maraneh dahar, maka gunakeun leungeun katuhu. Kitu deui lamun nginum. Setan mah lamun dahar jeung nginum teh sok make leungeun kenca (H.R. Musli).
11. Ulah dahar seubeuh teuing. Ti Abu Hurairah r.a. , Rosulullah SAW ngadawuh, "Saurang muslim lamun dahar make hiji beuteung, sedengkeun jalma kafir mah daharna teh make tujuh beuteung" (H.R. Bukhari).

12. Upayakeun dahar berjamaah. Ti Wasyi bin Harb, ti bapana, ti akina, sayaktosna sahabat-sahabat Nabi SAW nyarios,” Wahey, Rosulullah! Sayaktosna abdi sadaya tos neda tapi henteu ngaraos wareg. Rosul ngadawuh,”Meureun maraneh daharna sorangan-sorangan”. Aranjeunna ngawaler.” Leres!”. Rosul ngadawuh, “Kudu berjamaah lamun aranjeun dahar jeung sebut asma ALLah, maraneh pasti bakal meunang barakah tina eta dahareun” (HR Abu Daud).
13. Gancang cokot lamun aya dahareun nu murag. Ti Jabir r.a. nyarios, Rosulullah ngadawuh,” Lamun anjeun keur ngahuap tuluy ragrag, anjeun kudu nyokot eta dahareun nu ragrag tea. Piceun nu kotorna tuluy dahar anu bersih keneh mah. Ulah ngantep dahareun nu murag keur setan. Tuluy leungeun urut dahar tea ulah waka dikumbah samemeh diletakkan ramo-ramona, sabab urang teu apal di bagian dahareun mana anu ngandung barakah” (HR Muslim).
14. Heulakeun mere dahareun ka nu diukna di beulah katuhu sanajan budak leutik. Ti Anas bin Malik r.a., sayaktosna Rosulullah SAW dipasih susu anu dicampur cai, sedengkeun nu diuk di katuhueun anjeunna teh saurang Arab gunung ari di kiwaeunana Abu Bakar. Maka Rosul ngaleueut eta susu teras masihkeun eta susu ka urang Arab gunung lajeng anjeunna ngadawuh,” Nu beulah katuhu heula, terus nu beulah katuhu” (HR Muslim).

15. Ulah pisan moyok dahareun. Ti Abu Hurairah r.a. nyarios, “ Nabi SAW henteu pernah moyok dahareun. Lamun anjeunna seneng dituang; lamun henteu seneng dikantunkeun” (HR Bukhari).
16. Kudu nyaah/ngahargaan ka pembantu nu geus nyadiakeun dahareun. Ti Abu Hurairah r.a. ti Nabi saw ngadawuh,” Lamun pembantu salah saurang ti aranjeun datang bari mawa dahareun, lamun manehna teu milu ngariung, maka bere heula sahuap atawa dua huap eta dahareun teh, sabab manehna anu geus ngarasakeun panasna waktu masak jeung anu masakna” (HR Bukhari).

III. ETIKA NGINUM

1. Jauhan inuman anu diharamkeun saperti minuman keras anu ngamabokkeun. Allah SWT ngadawuh,” Yeuh, jalma-jalma anu ariman! Poma maraneh ulah rek deukeut-deukeut kana salat ari maraneh keur marabok mah, samemeh maraneh nyaho kana saniskara anu diucapkeun ku maraneh” (QS An-Nisa:43). “Maranehna naranya ka maneh perkara arak jeung ngadu. Pok caritakeun: ”Dina dua perkara eta teh ngandung dosa gede jeung aya mangpaatna pikeun manusa, tapi dosa tina duanana teh leuwih gede batan mangpaatna”....(QS Al-Baqarah:219).
2. Ulah nginum bari nangtung. Ti Abu Hurairah r.a.,” Rosululloh SAW ngadawuh ‘Ulah pisan salahsaurang ti antara maraneh nginum bari nangtung. Sing saha anu poho (nginum bari

- nangtung) nya manehna kudu ngaburakeun deui eta cai (supaya henteu jadi diinumna) HR Muslim.
3. Ulah napas dina wadah waktu nginum. Maksudna, Nabi SAW henteu ngaleueut sakaligus nepi ka seep, tapi Anjeunna ngaleueut teh ditilukalikeun (tilu kali napas di luar).
 4. Heulakeun nyodorkeun inuman ka nu aya di beulah katuhu. Ti Anas bin Malik r.a., sayaktosna Rosululloh SAW dipaparin susu anu dicampur cai. Di tengeneun Anjeunna aya saurang Arab gunung, sedengkun di kiwaeunana Abu Bakar. Maka Rosululloh ngaleueut eta susu teras sesana dipaparinkeun ka saurang Arab gunung, bari ngadawuh, "Nu beulah katuhu heula, tuluy beulah katuhu (HR Muslim).
 5. Do'keun jalma anu geus nyadiakeun dahareun atawa inumeun. Ti Abdillah Bin Busr r.a., "Rosululloh SAW nyimpang ka bumi pun bapa", manehna ngadawuh deui," Kuring nyaketkeun tuangeun sareng bubur campur ka Rosululloh. Mantenna teras nuang eta bubur. Lajeng Anjeunna disuguhan korma. Anjeunna teras nuang korma. Lajeng dipasihan leueuteun, lajeng Anjeunna oge ngaleueut. Eta leueuteun oge dipaparinkeun ku Anjeunna ka nu calik katuhueun Anjeunna. Abdillah nyarios," Pun bapa nyarios, sedengkeun Nabi tos nyepeng kadali kuda," Ya Rosululloh do'akeun abdi! Maka Nabi ngado'a," *Allaahumma baarik lahum fiima razaqtahum waghirlahum warhamhum*, (Ya Allah pasihan barakah ka aranjeunna, kana rizqi anu ku Anjeun

geus dibikeun ka aranjeunna, hapunten aranjeunna, sareng pasihan rahmat ka aranjeunna) HR Muslim.

IV. ETIKA DI JAMBAN

1. Teangan tempat anu jauh lamun miceun. Ti Mughirah bin Syu'Ban r.a., sayaktosna Nabi SAW upami angkat ka tempat miceun, Anjeunna sok milari tempat anu tebih (HR Abu Daud).
2. Baca do'a lamun asup ka kamar mandi/WC. Ti Anas r.a., Kaayaan Rosulullah SAW upami Anjeunna lebet ka jamban maos doa "*Allaahumma inni a'uudzubika minal-khubutsi wa al-khabaitsi*=Ya Allah! Sayaktosna abdi nyalindung ka Anjeun tina setan lalaki jeung setan awewe" (HR Bukhari).
3. Ulah nyanghareup atawa nukangan kiblat. Ti Abi Ayyub r.a., sayaktosna Nabi SAW ngadawuh, "Upami aranjeun ka jamban omat ulah madep atawa nukangan kiblat, tapi madepna ka wetan atawa ka kulon" (HR Muslim).
4. Ulah cebok ku katuhu. Ti Abi Qatadah r.a., "Ulah nyekel bobogaan ku leungeun katuhu, boh waktu kiih atawa miceun, jeung teu meunang cebok ngagunakeun leungeun katuhu, jeung ulah napas dina wadah/gelas nalika keur nginum" (HR Muslim).
5. Singkahan tempat anu bakal ngadatangkeun laknat. Ti Abu Hurairah r.a. Rosulullah SAW ngadawuh, "Jauhan pagawean anu dua ieu anu nyababkeun laknat nya eta Jalma anu kiih di jalan atawa di tempat ngiuhan aranjeun" (HR Muslim).

6. Jieun panghalang supaya teu katingali ku batur waktu miceun. Ti Mughirah bin Syu'bah r.a., Rasulullah SAW nitah kuring nyokot ember jeung caina lajeng anjeunna angkat seja miceun bari nyandak eta ember eusi anu dieusi cai tea nepi ka henteu katingal ku kuring (HR Bukhari Muslim).
7. Lamun geus kiih teu beberesih, nyababkeun disiksa kubur. Ti Ibnu 'Abbas r.a., Nabi SAW ngaliwatan dua kuburan, anjeunna ngadawuh," Dua jalma anu aya di jero eta kubur keur disiksa, padahal maranehna disiksa lain pedah dosa gede tapi balukar nu hiji henteu nyumput nalika kiih; nu hiji deui disiksa kuburna teh alatan manehna sok ngadu domba—ngasut kagorengan" (HR Bukhari).
8. Meunang kiih bari nangtung dina kaayaan nu tangtu. Ti Hudzaifah r.a., Nabi SAW nyumpingan tempat runtah hiji kaum, lajeng Anjeunna papang bari ngadeg; lajeng Anjeunna nyuhunkeun cai; mangka kuring masihkeun cai ka Anjeunna. Anjeunna lajeng beberesih teras wudlu (HR Bukhari).
9. Henteu meunang kiih dina cai anu ngeuyeumbeu tuluy beberesih di dinya. Ti Abu Hurairah r.a., ti Nabi SAW ngadawuh,"Ti antara aranjeun ulah kiih di tempat anu ngeuyeumbeu, tuluy anjeun beberesih di dinya ngagunakeun cai anu ngeuyeumbeu tadi" (HR muslim).
10. Henteu meunang nyarita kitu deui hahariringan waktu miceun. Ti Jabir r.a. Rosulullah ngadawuh" Lamun duaan rek kiih/miceun, mangka nu saurang kudu nyumput ti nu saurang deui.

Tegesna duanana henteu meunang ngobrol di jamban, sabab Allah murka ka jalma anu ngobrol di jamban” (HR Ahmad).

11. Henteu meunang beberesih make tulang atawa make kotoran. Ti Salman r.a. “Sayaktosna Rosulullah SAW tos ngawagel ka abdi sadaya kiih/miceun bari madep atawa nukangan kiblat sareng Anjeunna ngawagel beberesih kurang ku tilu batu atawa beberesih ngagunakeun kotoran atawa tulang” (HR Muslim).

V. ETIKA SARE

1. Kudu ngado'a lamun rek sare atawa lamun hudang sare.
2. Upayakeun wudlu memeh sare jeung sarena madep ka kiblat.
3. Siapkeun heula tempat sare memeh sare.
4. Baca do'a lamun hudang peuting.

VI. ETIKA NGUCAPKEUN SALAM

1. Ngucapkeun salam mangrupa kawajiban antarmuslim ka sasama muslim.
2. Saha anu leuwih tiheula ngucapkeun salam?
3. Ucapkeun salam ka muslim sanajan teu wawuh.
4. Meunang nitipkeun salam pikeun dulur urang.
5. Dianjurkeun ngucapkeun salam ka budak leutik.
6. Meunang bapa-bapa ngucapkeun salam ka ibu-ibu, atawa sabalikna.
7. Lamun rek papisah dianjurkan ngucapkeun salam.

8. Meunang ngalongok tatangga nonmuslim anu gering.
9. Rupa-rupa do'a pikeun jalma gering.

VII. ETIKA MENTA IZIN

1. Ulah asup ka imah batur tanpa izin nu boga imah.
2. Lamun euweuh sasaha, teu meunang asup kajaba geus diizinan.
3. Lamun teu dibere izin ku nu boga imah ulah maksa.
4. Tilu waktu menta izin asup ka kamar indung bapana.

VIII. ETIKA SAURANG MUSLIM KA DIRINA

1. Ngajauhkeun diri tina dosa-dosa gede.
2. Ngajaga lisan.
3. Ngajauhkeun diri tina panyakit-panyakit rohani.
4. Ngajaga diri tina pagawean anu ngabahayakeun.
5. Make pakean Islami.
6. Ngajaga kabersihan diri.
7. Ngajaga kasehatan dirina.

IX. ETIKA KA KOLOT

1. Ulah pisan nyebut 'ah' ka kolot waktu keur nyarita.
2. Ngomong ka kolot kalawan hormat.
3. Kudu syukuran ka kolot.
4. Kudu sing hade, sanajan anjeunna nitah ka nu teu bener.
5. Jadikeun kolot urang ajang asup surga.

6. Heulakeun hade ka kolot samemeh ngalakukeun jihad.
7. Heulakeun nyumponan panggero indung samemeh nyumponan panggero bapa.
8. Cara nyieun kahadean ka kolot anu geus ngantunkeun.

X. ETIKA KOLOT KA BUDAK

1. Salametkeun budak/kulawarga tina seuneu naraka.
2. Budak teh mangrupa amanat ti Allah.
3. Kadang-kadang budak bisa jadi musuh anu bakal ngajurumuskeun kolotna.
4. Ajarkeun kulawarga sholat.
5. Kudu ngado'a ka Allah pikeun kasolehan budak.
6. Budak bisa jadi Yahudi atwa Nasrani ku sabab kataledoran kolotna.
7. Sawatara kawajiban kolot ka anakna.
8. Jaminan pikeun kolot anu nyaah ka anakna.
9. Ulah pilih kasih ka anak.

XI. ETIKA MUSLIM KA ALLAH

1. Ngaesakeun Allah.
2. Nyekel pageuh agama Islam.
3. Ibadah ngan ka Allah.
4. Taqwa ka Allah.
5. Ngado'a ngan ka Allah.
6. Salilana dzikir ka Allah.
7. Sumerah diri ngan ka Allah.
8. Rido kana sagala kaputusan Allah.
9. Ngan miharep ka Allah.

10. Ngan sieun ku Allah.
11. Taubat ka Allah.
12. Lamun jangji, ngucapkeun insya Allah.
13. Cinta ka Allah.
14. Lamun sumpah, kalayan asma Allah.

XII. ETIKA MUSLIM KA ROSULULLAH

1. Ikhlas iman ka Rosulullah.
2. Maca salawat jeung salam ka Rosulullah.
3. Taat jeung patuh ka Rosulullah.
4. Cinta ka Rosulullah.
5. Henteu laley kana parentah Rosulullah.
6. Henteu nangtukeun hukum di luar katangtuan Rosulullah.
7. Henteu narikkeun sora luhurun suanten Rosulullah.
8. Nyonto ka Rosulullah dina sagala aspek kahirupan.

XIII. ETIKA MUSLIM KANA AL-QURAN

1. Yakin yen Al-Quran mangrupa wahyu Allah jeung padoman hirup manusa.
2. Yakin yen Al-Quran ngajamin kabagjaan jeung katengtreman hirup.
3. Wajib ngalaksanakeun sakabeh kandungan Al-Quran dina sakumna aspek kahirupan.
4. Henteu meunang milih sabagian atawa nolak sabagian ajaran Al-Quran.
5. Anu embung ngalaksanakeun Al-Quran disebut zhalim, fasik, jeung kapidir.
6. Resep maca Al-Quran.

7. Maca Al-Quran kalawan tartil.
8. Maca Quran dimimitian ku ta'udz.
9. Maca Al-Quran ku sora anu hade.
10. Ngahias imah ku bacaan Al-Quran.
11. Ngayakeun majelis Al-Quran.
12. Ngadengekeun bacaan Al-Quran.
13. Ngalakukeun sujud tilawah lamun ngadenge ayat Sajdah.

XIV. SIFAT-SIFAT TERPUJI

1. Iman
2. Ngalakukeun amal sholeh
3. Silihwasiatan dina haq
4. Silihwasiatan dina kasabaran
5. Taqwa
6. Jihad dina jalan Allah
7. Zuhud
8. Patuh
9. Ahli perang
10. Da'i
11. Wani ngabela bebeneran
12. Sportif
13. Bijak
14. Hampang birit
15. Sabar
16. Rajin
17. Ikhlash
18. Jujur
19. Nyumponan jangji
20. Amanah
21. Resep 'berterima kasih' 'nganuhunkeun'
22. Tanggung jawab

- 23. Ramah
- 24. Handap asor
- 25. Taliti
- 26. Disiplin
- 27. Adil
- 28. Dermawan
- 29. Pemaaf
- 30. Pemurah

XV. SIFAT-SIFAT 'TERCELA'

1. 'Pembanggang'
2. Nurutan tradisi jahiliyah dina Islam
3. Ngabunuh tanpa wates wangen
4. Mutakabbirun 'Jalma anu takabbur = nolak bebeneran & ngahina manusa'
5. Mutatsartirun 'merepet cap jahe'
6. Mutasyaddiqun 'sok ngagogoreng batur'
7. Taat ka setan
8. Syirik, nolak da'wah jeung ngamusuhan ka Rosululloh
9. Ngabohongkeun kana ayat Allah
10. Henteu hayang make hukum Allah
11. Bohong ka Allah
12. Ekstrem
13. Nyumputkeun bebeneran
14. Nurutkeun hawa napsu
15. Mopohokeun ayat-ayat Allah kalawan dihaja sanggeus manehna apal
16. Ngahina urang Islam ku sabab ka-Islamanana
17. Neangan kasalahan jalma sejen
18. Ngomongkeun batur 'ghibah'
19. Goreng sangka 'su'udon'
20. Milu kana jalan setan

21. Mopohokeun sabagian ajaran Islam
22. Henteu ngagunakeun akal
23. Henteu syukur kana ni'mat
24. Ngaliwatan wates wangen
25. Ngaharamkeun naon nu dihalalkeun ku Allah
26. Hianat
27. Ngaruksak
28. Ngahalangan tina jalan Allah
29. Merangan kaum muslimin
30. Henteu ngalaksanakeun parentah Allah
31. Tukang ngadu domba
32. Kufur
33. Munafek
34. Fasiq
35. Riya, takabur
36. Dengki
37. Zhalim
38. Kikir
39. Reueus kana dirina sorangan dina hal duniawi

XV. KABUTUHAN SPIRITUAL MANUSA

1. Pangaruh tina penghargaan jeung pengakuan.
2. Sinis jeung kritik anu ngabogaan prinsip.
3. Rarancang Islam pikeun nyebarkeun kahadean moral.
4. Kampanye ngalawan kajahatan.

XVI. KIAT HIRUP SUKSES

1. Sumber kakuatan anu rongkah.
2. Prinsip hirup.
3. Diajar tina kagagalan.

4. Sarana kasampurnaan.
5. Pentingna disiplin diri.

PUSTAKA

- Faridl, Miftah. 2001. *Panduan Hidup Muslim*. Bandung: Penerbit Pustaka.
- Hawwa, Sa'id. t.t. *Akhlak Dasar 'Jundullah Tsaqafatan wa Akhlaqan'*. Jakarta: Al Ishlahy Press.
- Lari, Sayid Mujtaba Musawi. 2001. *Etika & Pertumbuhan Spiritual 'Ethics & spiritual Growth'*. Jakarta: Penerbit Lentera.
- Shaleh, K.H.Q. H.A.A. Dahlan, & Yus Rusamsi. 2002. *Al-Quran, Tarjamah Sunda*. Bandung: CV Diponegoro.
- Suryalaga, Hidayat. 1993. *Etika jeung Tatakrama*. Bandung: CV Geger Sunten.
- Zakaria, A. 2003. *Etika Hidup Seorang Muslim*. Garut: Yayasan Ibn Azka.